



Konje Peye pou Fanmi ak Konje Maladi Peye (PFML)

Konje ki Disponib yo

Moun ki gen pwoteksyon asirans ka jwenn konje pou fanmi ak konje maaldi pou rezon ki annapre yo:

- jiska 20 semèn konje maladi peye nan yon ane benefis si yo gen yon pwoblèm sante grav ki anpeche yo al travay;
- jiska 12 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane benefis konsènan nesans, adopsyon oswa plasman nan fwaye dakèy yon timoun, pou okipe yon manm fanmi yo ki gen yon pwoblèm sante grav oubyen poutèt egzijans ki kalifye ki baze sou lefèt ke yon manm fanmi a nan sèvis militè aktif oubyen li resevwa yon notifikasyon ke yo pral rele l lapoula nan sèvis militèaktif nan Fòs Lame yo;
- jiska 26 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane benefis pou okipe yon manm fanmi ki nan lame ki gen pwoteksyon asirans epi ki gen yon pwoblèm sante grav.

Moun ki gen pwoteksyona sirans yo elijib pou 26 semèn ototal konje peye pou fanmi ak konje maladi peye nan yonsèl ane benefis.

Benefis yo

Pou finanse benefis PFML yo, anplwayè yo gendwa dewi kontribisyon peywòl yo pou jiska 0.46% (ajiste anyèlman) nan salè yon moun ki gen pwoteksyon asirans oswa lòt lajan li touche. Salè mwayen pa semèn yon moun ki gen pwoteksyon asirans pral detèmine montan benefis li, jsika yon benefis maksimòm o \$ 1,170.64 chak semèn (ajiste anyèlman).

Kimoun ki yon Moun ki gen Pwoteksyon Asirans Dapre Lwa a?

Anejenral, yon travayè kalifye kòm moun ki gen pwoteksyon asirans ki elijib pou benefis PFML yo si:

- yo gen pwoteksyon asirans chomaj nan Massachusetts epi yon anplwayè Massachusetts ap peye salè yo; oswa
- yon moun ki travayè endepandan ki rezide epi travay nan Eta Massachusetts epi ki chwazi patisipe nan pwogram la; epi
- li touche omwen 30 fwa benefis li te espere a epi omwen \$6,300 (ki ajiste cha ane) pandan 4 dènye trimès ki sot pase deja anvan demann aplikasyon pou benefis yo..

Pwoteksyon Djòb

Anjenral, yon anplwaye ki deja pran konje peye pou fanmi oswa konje maladi ki peye swen retounen nan menm pòs li te genyen anvan an oswa nan yon pòs menm nivo, ak menm responsabite, salè, benefis ak avantaj anplwa, kredi pou dire sèvis ak priyorite pou laj li te gen anvan li te pran konje a.

Pwoteksyon djòb sa yo pa aplikab pou ansyen anplwaye, kontraktyèl endepandan oswa moun ki travay pou kont yo.

Asirans Sante

Anplwayè yo dwe founi, kontribye osinon kenbe beenfis asirans sante ki lye ak travay anplwaye a, si genyen, nan menm nivo ak nan menm kondisyon pwoteksyon asirans la ta bay si anplwaye a te kontinye travay san rete pandan dire konje sa a.

Plan Prive yo

Si yon anplwayè ofri anplwaye yon konje peye pou fanmi, konje maaldi oswa toulede, ak benefis ki omwen bon menmjan ak sa lalwa ofri yo, anplwayè a gendwa aplike pou yon egzanpsyon pou li pa bezwen peye kontribisyon yo. Anplwaye yo kontinye jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon ak reprezay dapre lalwa lè anplwaye a chwazi pou ofri benefis konje peye atravè yon plan prive.

Non Konpari Asirans Prive a: _____ Plan prive a se pou: ☐ Maladi ☐ Fanmi ☐ Toulede

Adrès: _____ Telefòn: _____

Vil, Eta ak Zipkòd: _____ Wèbsayt: _____

Reprezay oswa Diskriminasyon Entèdi

- Yon anplwayè pa gen dwa pou fè diskriminasyon ni pran revanch kont yon anplwaye poutèt li te egzèse nenpòt ki dwa li gendwa egzèse dapre lalwa.
- Ton abplwaye oswa yon ansyen anplwaye ki vitkim diskriminasyon oswa ki sibi reprezay poutèt li te egzèse dwa li yo dapre lalwa gendwa, twa (3) lane maksimòm apre vyolasyon an rive, lanse yon pwosè dwa sivil devan yon tribinal siperyè, epi li gendwa ka jwenn peman pou domaj ki rive nan twa (3) fwa salè li pèdi a.

Si ou kesyon oswa preyokipasyon konsènan dwa PFML ou yo, rele nan:

(833) 344-7365 oswa al gade nan: <https://www.mass.gov/DFML>

Avi sa a dwe afiche nan yon kote tout moun ka wè l fasilman sou lye travay anplwayè a.

